Lontar druwen saking: I Gusti Komang Jelantik, saking Jero Ujung, Amlapura.
Katurun olih: I Gusti bagus Kuta.
Kabandungang olih: Ida Bagus Ngurah.

## GAGURITAN BRUNAMARA.JERO UJUNG.1.

1a Ong awigna mastu nama swaha.

### PUPUH DANGDANG.

1. Mega nora tulah ingsun niki,   ing paksane,
angapus carita,   kadang-kadang ing dangune,
marmane angripta kidung,   sunggu amba surugan king-king,
maka panglipur lara,   sing maca angrungu,
apes galayang salah,   ampunana,
maka purwan nikang gurit,   sira sulta ring Arab.

2. Nenggih sira sang jayeng yati,   kagopita,
ritatkalan nira,   jaya mangun aprang reke,
anglurug satru gempung,   Nilambara wuwus kajodi,
mangke pranawan nira,   sira jayeng satru,
norana sasaman nira,   mider ring rat,
pinunjung kalokeng bumi,   tetep karaton nira.

3. Amanda sakuwehing kapir,   sina lamun,
ratu siyu nagara,   bingangkep arah sakwehe,
pujim ring jayeng satru,   dadi raja waduwa bupati,
1b mangke sang Jayeng Murtia,   anilar praratu,
lunga sira mangun tapa,   sakarone,
Umarmaya rowang neki,   aneng ukir Ketubmas.

4. Atiyan joga nira muji,   Yang suksema,
nirmala amulia,   nirbana sunia citane,
anunggal patitis ujud,   pancedriya kundur sami,
saksat raga niskala,   muncar cayan neku,
karone lan Umarmaya,   nora obah,
tan kena-kena bancani,   ngastungkara Yang Suksema.

5. Nora lupa ipamujin neki,   siyang latria,
panginenging cita,   Iyang Maha Tinggi parane,
aneng sakaroneku,   polah ira sang Jayeng Pati,
lawan Kitambakyuda,   ana muwah sinebut,
aneng sor ikang pratala,   winarsita,
sira Sangyang Antebogi,   nrebe suta sanunggal.

6. Istri ayu jatmika manis,   twi angraras,
2a angancur ken driya,   luwir cita rasmi warnane,
jujuluk ira sang ayu,   nama ratna Mas mandarini,
mara ing gedong emas,   eca deniya turu,
sajeroning nikang gedong mas,   dadia mimpi,
katuronan kakung pekik,   waluya Yang Manmata.

7. Lintang suka twase sang putri,   iswapena,
anemuken smara,   luwir sunggu jati rasane,
kaget mungu tuan galuh,   ginarape nunia tan kari,
ancur nyanane sang diyah,   peteng tingal iku,
luwir sinamber nyawan ira,   deyang Semara,
mategeg bekut anangis,   tirta panone nrabas.

2a 8. Sayan mamrat den nira prihati,angulangsar,
suniya sumiyar-sumiyar,   menget maring swapenana,
dadi paraning dulu,   trus gumantung sajroning ati,
norana bisa lupa,   abranta ulangun,
rasa sumanding kewala,   sambat-sambat,
leheng pejah amba gusti,   yan tan panggih mas nyawa.

2b 9. PUPUH KUMAMBANG.

1. Sang Suputri kasurugan deniya kingking,kaliputi semara,
siteit ribut rasaneki,   nora bisa nandang lara.
2. Tengah dalu wayahe punang wengi,dadiya sira mayas,
sagwa muliya ngawir-awir,   tatambah luwir sangyang wulan.
3. Gandarini ngalogeng mayoga sidi,angaji dadalan,
dateng aneng madiya bumi,   Sang Putri sigra malesat.
4. Kedep netra dateng aneng luhur pratiwi,nora wruhing dalan,
ing wana giri ta kingking,   sambat-sambat kang swapena.

5. PUPUH SINOM.

1. Eneng polahe sang Diyah,   Ni Masratna Gandarini,
kasungkawa jroning wana,   genti ne kang ginopit,
sira sultan Arabi,   karo lan Umarmayaku,
putus den ira tapa,   arsa mantuk ring nagari,
mangke bubar,   ing gunung Ketu Kancana.
2. Saking takdir Sangyang Suksema,maring sira Jayeng Pati,
3a dadiya katemu ing awan,   lawan Dewi Gandarini,
dadi apapas liring,   kagiyat Sang Putri tumungkul,
kadi kang sinwapena,   tuan Menak leng-lenging aksi,
edan temen,   sigra maranin sang Diyah.
3. Laju terus sira anapa,   ngesor wuwuse amanis,
duh mas mirah sapa sira,   ayu warnane linewih,
katemu aneng riki,   akingking luwir kawelas yun,
ejim atawa jadma,   kaping tiga widiya dari,
lah waraha,   lamakane ingsun weruha.
4. Dewi Gandarini mojar,   asemu merang kang ati,
dene remek ya kalintang,   mareng sira Jayeng Pati,
asrot wuwus neki,   eh ta wong abagus,
yan sira nora weruha,   sun putrane Srepa bumi,
ajujuluk,   Gandarini kang sinambat.
5. Mangke ingsun atatanya,   maraheng sira den jati,
3b lah age tinrangakena,   supayane sun udani,
pan mengkene sajati,   iswapenaning ingsun dangu,
kang aweh lara branta,   marmane sun lampus ragi,
dadiya mesem,   tuan Menak alon angucap.
6. Ingsun warah mareng sira,   lamakane inawruhi,
mulane Sultaning Arab,   ajujuluk Jayeng Pati,
sang Putri anawurin,   singgih nyawa sangaulun,
yan kabener pangeran,   kaula nyembah ken diri,
pejah gesang,   tuturut mareng paduka.

3b 7. Tuan menak egar ring dria, yan mangkana ari mami,
sun tarima ing mas mirah, dadiya Umarmaya angeling,
duh yayi Gandarini, tuhu asih ta sireku,
maring Sultaning Arab, nawuri Diyah Gandarini,
lahir batin, atur amba ring wong menak.
8. Jayeng Rana alon ngucap, lagiya kakang gurit wesi,
payu gawanen mantuka, Sang Ratnayu Gandarini,
4a katon sukurning W Yang Widi, paweh putri maring ingsun,
rejekining atapa, suka sira gurit wesi,
neda Sultan, age gawanen maring Arab.
9. Sakatrine samiya bubar, nuju mareng puser bumi,
Gandarini Jayengrana, lintang suka idep neki,
pada remen nireki, ngaras-ingaras gumuyu,
gumujeng angol danta, luwir Iyang Semara lawan Ratih,
Umarmaya, mesem inguntat lumampah.

10. **PUPUH PANGKUR.**

1. Eneng akena saksana, Jayengrana,
suka deniya lumaris, genti nekang winuwus,
aneng soring pratala, naga bumi,
wruha muona sutan neku, langkung deniya kabrahmantiyan,
Antaboga mlesat nuli.
2. Taek luhur ring pratala, kedep netra,
wuwus sira prapti, kuliling aneng wanagung,
terus mareng ernawa, tan katemu,
4b atambah krudaneku, mambur aneng biyoman tara,
angimbang-imbanging wiyati.
3. Ni saksana katututan, Srepa bumi,
awas dera ning aksi, lamun putran ira iku,
lumampahn aneng arsa, saka trine,
pareng wong kakung karwe ku, wus maparek putran ira,
mulat sira Jayeng Pati.
4. Yan ana wong anuruta, aberawa,warnane Srepa bumi,
mandeg sira Jayeng Satru, Srepa bumi seru mojar,
eh wong peran, iki pareng putran ingsun,
Ni Gandari kageting twas, mulat maring Srepa bumi.
5. Ni Gandari melas arsa, sembah ira,
patenen amba teki, tan bisa nandang ulangun,
maring sira wong Menak, karanane,
mengkene amba manglampus, aributnyana kaula,
kasurugan semara brangti.
6. Sang Antabumi angucap, duh puran ngong,
eh mas warna nireki, anglapus raga mas kalung,
5a becik sira mantuka, Gandarini,
kewiran mareng nalaniku, dening jerih maring rama,
mantuk sira sarwi king-king.

5a 7. Sira Sangyang Antaboga, nora tumut,
tinyalan Jayeng Pati, apan mudita ikang lebu,
ingumen Jayengrana, sugal akras,
prakasa sang Srepa lembu, eh anjing wong sapa kita,
setan lanat dama niptip.

8. Angiwata putraningoang, baya busah,
manusia jaruh jalir, kapicengeng Jayengsatru,
kruda denya mojar, naga bumi,
lalu denta merih awuwus, anglare hadi ingwang,
nora ulap sun ing kami.

9. Kaya bagor abrengbengan, tuhu sira,
dadi kakilik bumi, awetu ujar acampur,
baya sira tan weruha, ingsun yeki,
dipati raja diratu, ananda sakwehing kupar,
siyu nagara wus kajodi.

10. Srepa bumi kabrahmantian, Jayengrana,
agung ambekmu teki, mangke ngong untal karomu,
5b lumumpat nander sira, Jayengrana,
prayatna pedang inunus, karone lan Umarmaya,
pada maputek kang ati.

11. Buru-binuru agancang, Umarmaya,
inguntat angiḅuli, sang naga bumi tan kengguh,
angregut naut sira, tinanggula,
denira sang Jayengkeyuh, wus putusing danur dara,
gancang sira anglumpati.

12. Sigra anambut loita, kaberawa,
angerak ta mupuhi, mati sika srepa lembu,
gancang panggaden nira, asing kena,
watu bentar garu rubuh, srepa bumi tuwi kewran,
malayu tan nolih ori.

13. Luwir maruta gancang nira, Jayengrana,
Umarmaya karwe iki, amburu saparan iku,
sarwi asumbar-sumbar, anta bumi,
antekon tan urung lampus, apa ta rinasananta,
lintang nista srepa bumi.

14. Anteboga sayan gancang, palayune,
dateng sor ring pratiwi, mandek sira Jayengsatru,
6a nora bisa nuruta, srepabuda,
ta aneng wisman niku, orang mari anggan ira,
yun amalesa ing benjing.

PUPUH GINANTI.

1. Eneng mangke kang kawuwus, polahe srepa bumi,
lintang sengit manah ira, tan lupa-lupa ing ati,
Jayengrana kang kocapa, anarung lampahnia nuli.

2. Karo lawan Tambaklayung, agunem-gunem karwe ki,
deni olih asampalan, lawan sira srepa bumi,
nanging nora agu lawan, pan malayu nora keni.

6a 11 3. Jayengrana muah amuwus, duh kakang sun gurit wesi,
12 sun watara ciptanira, Sang ratnayu Gandarini,
13 paran mangke polah nia, tan bisa sun mikiri.
14 4. Umarmaya mesem amuwus, duh pangeran Jayeng pati,
15 amba tansir ing wredaya, polah ira raja putri,
16 nora lali mrih andika, tentu susah saban hari.
6b Jayengrana mangu-mangu, luluh ribut manah neki,
18 tang awan kingking tanpegat, umangen Diyah Gandarini,
19 saking agelising carita, prapta di Mekah nagari.
20 6. Sira sang prawirong keyuh, munggah maring panca niti,
21 ebek ratu siyu nagara, ta mapag asung subakti,
22 luwir taru tiniben warsa, sakewh ikanang pretaji.
23 7. Sakewh ikanang pra ratu, sadaya wus tinuturi,
24 tingkahe polih sempalan, amusuh sang antabumi,
25 titungtung tekeng bungkah, aran ratu siyu nagari.
26 8. Saksana mangke kawuwus, Amsiyah manjinge puri,
27 pinapaging para gaewa, prasama ngunjungi bakti,
28 du mateng Baginda Amsiyah, miwah Dewi Munigarim.
29 9. Amsiyah manjingeng jinemrum, amiyak gubah gumuling,
30 angesah gumantunging tingal, ing warnane Gandarini,
31 linila-lila tan lila, suniya sumiyar nyana neki.
32 10. Anging tinolih ikang lebu, amung Dewi Munigarim,
7a 1 ikang dadi panglipuran, tan sah sumanding gaguling,
2 pininda mas gandarinia, ingaran carini reki.
3

## PUPUH DANGDANG.

4 1. Kuneng mangke wus alami, Jayengrana,
5 rumaksa nagara, tetep rajeg kang prentahe,
6 tuhu kreta gemuh landuh, nora ana dusta durjani,
7 ramiya ing bumi Mekah, Marmaya winuwus,
8 amit maring Jayengrana, umantuka,
9 aninjo ring ramaneki, mara ing Talkandangan.
10 2. Mangke enong kang karihin, polah ira,
11 Raden Pakuwaja, anata ginupik mangke,
12 sang Anteboga winuwus, nenggih ing pori kang pratiwi,
13 maran ikang putra, dahat branta uyung,
14 anteboga angrum-ruma, duh putrane,
15 aja remona mas gusti, lawan ki Jayengrana.
16 3. Apan akuweh lewih ring Jayengpati, seje jagat,
7b 17 ratu muia-mulia, wibawa agung wiryane,
18 sampunsira mas kalung, lara semara ing selam jugil,
19 apan iya satru dangka, idepen mas kalung,
20 yan sawawi bangsan ira, lan rahadiyan,
21 muah sama jodo nireki, sun suka mantu lan iya.
22 4. Barunabara aran kang bumi, ratu mulia,
23 putran nira karua, lanang wadon tuwi putrane,
24 Wanodiyayuna kang bagus, yeku yogiya sira masyayi,
25 payu ika tujua, Ni Gandari matur,
26 singgih kaula nuhuna, prentah tuan,
27 anging sira Gandarini, tan lupa maring Amsiyah.

GAGURITAN BRUNA-MARA.JERO UJUNG.6.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 7b | 28 | PUPUH SINOM. | |
| | 29 | 1.Sang Antabumi lumampah, | iniringeng siwin neki, |
| | 30 | karo malesat ngagana, | sakedap sampun prapti, |
| | 31 | ing luhur ikang bumi, | age salin warna neku, |
| | 32 | sira Yang Anteboga, | ngalegeng mayoga sidi, |
| | 33 | pan waluya, | warnane kadi pandita. |
| | 34 | 2. Sira Dewi Gandarinia, | warnane ayu linewih, |
| 8a | 1 | luwir pendah warnane Yangning unang, | sasolahe nyungkang angin, |
| | 2 | lumampah wingking neki, | Sang Antebumi lumaku, |
| | 3 | anuju Bruna-mara, | sigra lampah nira nuli, |
| | 4 | meh wus dateng, | ing kota Brunamara. |
| | 5 | 3. Tat kalane Sri Narendra, | sira prabu Yamageni, |
| | 6 | sineba ing pangastriyan, | supenuh popek kang manangkil, |
| | 7 | ulu balang pramantri, | maka muah kang praratu, |
| | 8 | dateng putran nireka, | Sri Gokarna namaneki, |
| | 9 | sumewaka, | anangkili raman ira. |
| | 10 | 4. Busanan nikang prahata, | katon kadi gunung sari, |
| | 11 | agunem lan para raja, | kancit dateng Srepabumi, |
| | 12 | jumrojog aneng arsi, | karone lan putran iku, |
| | 13 | kagiat sira Sang Nata, | tumurun ing korsi adi, |
| | 14 | sarwi nambut, | astane sang bau prapta. |
| | 15 | 5. Singgih tuan pareng alinggiha, | mangke pada wus alinggih, |
| | 16 | Yamageni matur alon, | punapa karyane prapti, |
| | 17 | lawan sang raja putri, | jateni remba pukulun, |
| 8b | 18 | Srepabumi lon ngucap, | lah wruhan sira sang Aji, |
| | 19 | tuhu perlu, | dateng sun mara ing sira. |
| | 20 | 6. Sun asrah raga ring sira, | mengkene purwan nireki, |
| | 21 | dangu yeki putran ingowang, | musna iwisman nireki, |
| | 22 | lunga anglampus diri, | buduh mareng Jayengsatru, |
| | 23 | wong selam aneng Mekah, | nuli ingsun anut buri, |
| | 24 | katuttutan, | katemu mara ing alas. |
| | 25 | 7. Nuli ingsun atukaran, | lawan sira Jayengpati, |
| | 26 | rame atanding kadiran, | ing tengahing wana iki, |
| | 27 | lintang saktine Amir, | ing danur dara tuwi putus, |
| | 28 | tan bisa nanggulana, | marmane sun alari, |
| | 29 | tuwi binuru, | denira ki Jayengrana. |
| | 30 | 8. Agung deniya keneng pinulah, | amburu ing awak mami, |
| | 31 | mangke yan sira asiha, | sun minta tulung ing yayi, |
| | 32 | nawi putusing kardi, | pejah sira Jayengsatru, |
| | 33 | ikita putran ingwang, | ing besuk sira ingambil, |
| | 34 | buncingana, | kalawan putran nireka. |
| 9a | 1 | 9. Yamageni miarsa, | kangen denya muwus aris, |
| | 2 | dahat merang amba dewa, | andika kasoran jurit, |
| | 3 | wong selam nista miskin, | dahat denya tulah manuh, |
| | 4 | amba sengit kalintang, | yan ta pejah sira Amir, |
| | 5 | dadya tepung, | tan suda ati kaula. |

9a 6 10. Yamageni muah angucap, maring sira patih kalih,
7 Sangga Pati Sangga Layang, sun duta karua iki,
8 lunga ing puser bumi, amandaki Jayengsatru,
9 pan agung dosan nira, gawanen mara eng riki,
10 sira mangkat, sadinane mangke uga.
11 11. Kiyan apatih karo nembah, singgih sanikan Narapati,
12 masa tan urung kabanda, pira kadare si Amir,
13 wus amit karo neki, Yamageni Srepalembu,
14 kari ipangastriyan, Yamageni matur aris,
15 putra tuan, ingkone basa sanakan.
16 12. Wenten putra amba kania, Tejawati nama neki,
17 ingkono kumpulen aira, baik pada ayu luwih,
9b 18 nuhun sang Nrepabumi, katrine manjing kadatun,
19 sang Ayu Gandarinya, akanten lan Tejawati,
20 polah ira, pada bagus basanakan.
21 13. Tan bina kadi wong kembar, Gandari Sutejawati,
22 asih inasihan aira, eneng polahe tuan Dewi,
23 ki patih kang winarni, sakaron ira lumaku,
24 lampahe ngawang-ngawang, awor lawan mega putih,
25 siang dalu, lampaho tan araryanan.
26 14. Anujueng Mekah nagara, sayan gancang pibar neki,
27 saking gelising carita, saksana kungkulan nuli,
28 nagari puser bumi, tatkalane Jayengsatru,
29 tinangkil ing paseban, ebek ratu siyu nagari,
30 Raja Maktal, tan sah lungguhing ayunan.
31 15. Emper-emper gagambaran, bertahta lungguh nireki,
32 kang duta karo kocapa, angimbang luhur nagari,
33 angandap piber nireki, nuju kota Mekah iku,
34 katon si Jayengrana, tinangkilin para Aji,
10a 1 lintang egar, Sangga Pati Sangga Layang.
2 16. Tinrajang Baginda Amsiyah, sakedep simber keni,
3 sinabit mara ing tawang, binanda ki Jayengpati,
4 kagiat ratu praaji, geger ing paseban ribut,
5 samiya ngengat ring tawang, sayan ahib Jayengpati,
6 raja Maktal, sigra umanjingeng pura.
7 17. Maranin Raden Suwongsa, sigra ngaturken supeksi,
8 prasama wus kinabaran, Repatmaja nora ngeling,
9 malayu nora nolih, prapta sira ing manguntur,
10 katemu kang para raja, sadaya gumuruh atri,
11 Umarmadi, ngutangang ing tindak nira.
12 18. Iniringing balan nira, sira Tamtanus karwe angeling,
13 angetan panujun ira, ana kidul lampah neki,
14 Raden Banjaransari, pascima parane ngruruh,
15 nunggang isekar yaksa, Raja Maktal rowang neki,
16 grah gumuruh, luwir ancur nagara Arab.

10b 17 19. Eneng mangke polah ira, praratu mencar nglati,
18 tuan Menak ikang gopita, langkung denia welas asih,
19 riniket astaneki, dening duta karo iku,
20 karasa pituduhning Yang, apan sira Jayengpati,
21 irpi mulia, langgeng angamong sarira.

22 PUPUH SEMARAN DANA.

23 1. Eneng sira Jayengpati, Yamageni kang kocapa,
24 karo Ragabumi reko, tinangkil maring paseban,
25 ebek ratu punggawa, kancit sira patih rawuh,
26 angawa ki Jayengrana.

27 2. Umatur kipatih kalih, singgih iki Jayengrana,
28 Sang Nata guyu ujare, suman teka Jayengrana,
29 masa urung mu pejah, singgita mangke pukulun,
30 paran yun nira paduka.

31 3. Sang Anteboga narpati, kalintang egar ring driya,
32 arep males ukum mangke, Jayengrana asemu waspa,
33 mulat ring Srepabumia, menget sira maring alebu,
11a 1 ing dangu olih ayuda.

2 4. Sarwi angeling Jayengpati, aduh Anteboga sira,
3 mangke ta paran karsane, angukum ing awak ingwang,
4 lah age trapakena, sun sangganana sireku,
5 ibudining malamulia,

6 5. Durung sumaur Sang Aji, kancit putri kalih prapta,
7 suteja Gandari karo, arsa mulating wong Menak,
8 sapraptanira sang ratna, karone kagiat anulu,
9 ing warnane Jayengrana.

10 6. Eman angemasin pati, Gandarini kaedanan,
11 menget ing dangu polahe, mara isang Jayengrana,
12 kagugus semaran ira, tan dadi ingreting kayun,
13 anulia nangis seng ratna.

14 7. Pinekul sang Jayengpati, lawan Tejawati karka,
15 amekul ngaras sang ratna, dene lintang rema nira,
16 kaliputaning semara, Yamageni Srepalembu,
17 kagiat mulat putran ira.

11b 18 8. Sang Nata karone ngeling, aduh nini putran ingwang,
19 apa ta karane sira, iki mekul Jayengrana,
20 apan sun arep mejah, lah mingkawa nini mundur,
21 malebu sira ing pura.

22 Sang putri bekut akingking, sampun rama amejahana,
23 iki ta sang Jayengtinon, yan rama sereng mejaha,
24 amba karo tumuta, ambelani Jayengsatru,
25 sarwi nangis asasambat.

26 10. Mojar sang Prabu karwoki, apa ge nini ucapa,
27 tan pasung amejah reko, muah ta tumut bela,
28 mareng selam pataka, babandan nista kalangkung,
29 pari satsat monyet busah.

11b 11. Pan kagungan dosan neki, maring rama aneng kuna,
karane sun mejah mangko, tur wong selam kajantaka,
nora sama kang wangsa, sang Putri karo sumaur,
yadiyan selam Jayengrana.
12. Suka amba nyerahken diri, ngawula dadi pawongan,
sarwi nangis bekut karo, angrangkul Jayengrana,
tuan Menak kangening tuwas, nrabas tirtan ikang caksu,
12a tumon sang diyah kapitresnan.
13. Dudu sira wediyeng pati, menget ni diyah Gandarinia,
pitulus gati tresnane, yeku marmane yumenak,
yan kangen tuwas ira, akingking sira mrengungus,
wadana luwir sangyang Semara.
14. Nanging sira nora angeling,meneng sira tan panabda,
ucem kadi wuwuh arjane, Gandari suteja wahya,
tan bisa andulu nana, sayan-sayan remen ipun,
norana awedi pejah.
15. Sang Putri karo angapit, kanan keri Jayengrana,
tan pegat ingaras reko, ujar rama tan ring renguwa,
sayan-sayan kasemaran, Raja Gokarna amuwus,
mungu Sang Diyah Gandarinia.
16. Uduh arinku sang luwir ratih,tinggalana ingsun mirah,
paleh-paleh kang budine, ingsun nyawaka ring gesang,
12b age binuncing lan mirah, marmane sira mas kalung,
age anrebe atmaja.
17. Idepen wuwus rama aji, Sang Dewi meneng tan ngucap,
Anteboga aruh ujare, aja punggung putran ingwang,
rama mangke yun mejah, sang Putri malih umatur,
sampun rama amejah ena.
18. Balik amba yeki kalih, patenen rumuhun dewa,
marmane pejah wak ingong, tumut bela mareng Sultan,
ramane karo kemengan, mategeg osek sang Prabu,
madeg kawirosan ira.
19. Sayan kroda Srepabumi, mulirak socan ira abang,
gumeter tangan nira karo, angrak luwir pendah gelap,
sigra angunus pedang, luwir gurip ngranyab murub,
pinedang sang Jayengrana.
20. Pegat gulune sira Amir, jinambak rambute Amsiyah,
binuncal ing awang age, agelis ni Sutejawatia,
mambur nusul mastaka, sinandak dera sang ayu,
13a inawa ikang mastaka.
21. Tan sah den ira tangisi, ingaras-ngaras mastaka,
Diyah Gandari sira mangke, angamet ta punang laweyan,
binakta mambur ing tawang, katemu sira ing luhur,
lawan Ni Sutejawatiya.
22. PUPUH KUMAMBANG.
1. Ni Gandari angucap sarwi akingking,duh yayi Suteja,
paran dayane imangkin, angatep mayit mastaka.

13a 2. Tejawati asemu segu anawurin, nora bisa amba,
ngateppken mayit puniki, becik gawanen ring darat.
3. Putri kalih tumulya turun agelis, aneng siti daratan,
kang dituju wus prapti, ajajar lungguhe sang Diyah.
4. Ni Suteja mastakane den pangkoni, ukut tinangisan,
ya awas-awas sulingling, duh eman temen mas mirah.
5. Gandarini laweyane den tangisi, duh tuan Jayengrana,
ambilen amba den gelis, marmane sigra palatra.
13b 6. Kudu amba sinadia olih kapanggih, lawan sira mirah,
mengkene tinemu gusti, nangis sang Diyah asasambat.
7. Sakarone kalaran denya akingking, agenti mangkona,
tan pegat sang Diyah akingking, umangen-angen sang pejah.
8. Uduh yayi lesu kakang amangkoni, payu prem akena,
ing riki sor ing tengguli, Tejawati tutut sira.
9. Kakebate gagulung kuning angrawit, rurube tuan Menak,
tangkuluk limar katangi, muang pinupur minyak ganda.
10. Sampun sira ginulingan Jayengpati, mastakane sira,
rinaket lan angganeki, tan sah sinanding anidra.
11. Ni Gandari aris den nira angeling, duh Sutejawatia,
sami mangke idep mami, mayite tuan Jayengrana.
12. Idepakena Jayengrana kari urip, mesem Ni Suteja,
14a sarwi sira muwus aris, apan tunggal remen nira.
13. Yan tandadi kakang nyalimurang ati, yadiyan pejah sira,
aja kena uga akrami, mesem Ni Gandari mojar.
14. Yadian pejah sateat urip lana krami, pan lacur ring awak,
enjang enjing kapapanggih, aneng dalem ikang sorga.
15. Putri kalih pada angupkup kang mayit, ingidepan sira,
Jayengrana nora mati, agenti ngaras-ingaras.
16. Dadia sumiyar ikang merta angasirair, angampehing sekar,
marrebuk gandanya mrik minging, tumon sira ring sang pejah.
17. Luwir wong urip warnan ira Jayengpati, asemu-semu guyua,
arsa Putri leleng ning ngaksi, sayan denira kasemaran.
18. Luluh ajur tan bisa angreting budi, anjamah sang pejah,
mayite luwir kadia urip, olih sira krama jiwa.
14b 19. Lintang suka twas sira putri kalih, agenti anjamah,
sayan kukuh purus neki, sang Diyah tan pegat angaras.
20. Putri kalih wus weruh rasaning budi, ical tangis nira,
tan pegat-pegat sarasmin, guyu-gumuyu kasukan.
21. Ni Gandari mesem sira muwus aris, duh yayi Suteja,
punapa yeki mayit, emper-emper nora pejah.
22. Masanggama dadi kukuh purus neki, mesem Ni Suteja,
gumujeng Diyah Gandarini, jiniwit pupune sang Diyah.

## PUPUH PANGKUR.

1. Eneng sang putri ing wana, Gandarini,
lawan Sutejawati, Sang Anteboga kawuwus,
sapejahe tuan Menak, lintang suka,
nuli bubar Srepalembu, kesah saking Brunabara,
umantuk sor ring pratiwi.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 14b | 28 | 2. Eneng sira Anteboga, | winarsita, |
| | 29 | sangperabu Yamageni, | aken ipatih karo iku, |
| | 30 | ngulati putran ira, | Gendarini, |
| 15a | 1 | Suteja supaya mantuk, | patih kalih amit nyembah, |
| | 2 | Sangga Layang Sangga Pati. | |
| | 3 | 3. Angimbang-imbanging tawang, | kang sinadya, |
| | 4 | ngulati Raja Putri, | ana mangke muah sinebut, |
| | 5 | sahanani wong Arab, | bek gembura, |
| | 6 | mencar ikang ratu siyu, | angulati Jayengrana, |
| | 7 | muah Raden Ranjarancari. | |
| | 8 | 4. Kalunta-lunta lumampah, | lan ki Maktal, |
| | 9 | maka muah Sekaradi, | angulon panujuniku, |
| | 10 | anarung tindak ira, | meh wus teka, |
| | 11 | jajahan Brunamara reku, | dadiya ta amanggih tegal, |
| | 12 | tegal Osnedur kang nani. | |
| | 13 | 5. Amuli irika sira, | araryanan, |
| | 14 | Banjarancari, | tan duh raja Maktal iku, |
| | 15 | raja putra anabda, | paman Maktal, |
| | 16 | paran dayane angruruh, | pangeran aji tuan Menak, |
| | 17 | wus lami kadohing margi. | |
| | 18 | 6. Raja Maktal atur sembah, | yan ta bener, |
| 15b | 19 | becik tunggu iriki, | nawi sih Iyang Agung, |
| | 20 | moga ana kang wreta, | ipranahe, |
| | 21 | ramadika pukulun, | raja putra alon mojar, |
| | 22 | lah pada tunggu iriki. | |
| | 23 | 7. Sakewh ikang ratu Arab, | ikang mencar, |
| | 24 | ngulati Jayengpati, | tan wruh parane angruruh, |
| | 25 | saking takdir Yang Suksema, | samia dateng, |
| | 26 | ing tegal Osnedur iku, | katemu lan raja putra, |
| | 27 | prasama egar kang ati. | |
| | 28 | 8. Ebek jejel bala Arab, | aneng tegal, |
| | 29 | Osnedur kumpul sami, | agunem ikang praratu, |
| | 30 | emeng tan anarbe akal, | sakewala, |
| | 31 | tunggu sih ira Yang Agung, | ucapen duta alampah, |
| | 32 | Sangga Layar Sangga Pati. | |
| | 33 | 9. Angulati putri karwa, | Gandarini, |
| | 34 | lawan Sutejawati, | norana bisa katemu, |
| | 35 | saking takdir Yang Suksema, | kaungkulan, |
| | 36 | ing prenahe Mekah iku, | patih karo tumuruna, |
| | 37 | sakedep netra wus prapti. | |
| 16a | 1 | 10. Ing tegal Osnedur ika, | pati tanyia, |
| | 2 | wong paran akuweh teki, | ebek ing kene katemu, |
| | 3 | kaya wong anglurug desa, | tetep ngrangkep, |
| | 4 | saha gagaman nireku, | lah age inrang akena, |
| | 5 | waduwa Mekah anawuri. | |

16a 6 11. Lamun sira nora wruha, maring ingwang,
7 ya wong Arab teki, marmane ingsun akumpul,
8 sumadia ngulsta, Sultan Arab,
9 pangeran musna ing dangu, tatkala sira sineba,
10 pinandung durjana sandi.
11 12. Patih kalih suka miyarsa, sawur ira,
12 sun mandung Jayengpati, nanging wus ngemasin lampus,
13 pinunggal otak nira, dene sira,
14 sang Antabumi ing dangu, ing paseban Brunamara,
15 wong Arab kroda nawuri.
16 13. Durjana sandi ko kita, mangke sandang,
16b 17 dosamu aja nguncir, sun banda mangke karomu,
18 wong Arab kabrahmantian, yen pun trajang,
19 patih kalih kang rinebut, Sangga Pati Sangga Layang,
20 malumpat sira tan keni.
21 14. Kroda anambut lohita, mobat-mabit,
22 ngamuk kipatih kalih, sing pinukul remok ajur,
23 asusun pun pejah, sayan galak,
24 wenten rong atus kang lampus, kabubak kipatih angrak,
25 asucirah angganeki.
26 15. Aberawa kagigila, sindu gosa,
27 rinebut wong Arabi, luwir pendah Iyang ngamuk,
28 kroda abasmi jagat, akweh cungkang,
29 tan keneng etang kang lampus, saetanging ratu Arab,
30 prasama kroda tan sipi.
31 16. Tumon bala akuweh pejah, pagulayah,
32 asah-sah wangken neki, Saptanus Lamdaur,
33 Marmadi raja Maktal, ngikal gada,
34 angrubut kipatih iku, surak luwir angrubuh jagat,
35 gumeter rasaning bumi.
17a 1 17. Kian apatih sayan mangsah, para ratu,
2 Arab samia ngrebuti, buru-binuru gumuruh,
3 agatik gadan ira, metu geni,
4 kagiri dinulu, sakwehing prajurit Arab,
5 sayan maputeking ati.
6 18. Sarandil muang Raja Maktal, sayan gancang,
7 pupuk gadan neki, Santanus lawan Taptanus,
8 tan kendu ngikal gada, kulilingan,
9 kanan keri arep pungkur, kian napatih kapepesan,
10 nora bisa anangguli.
11 19. Gempor sira karepotan, kian apatih,
12 sigra mambur ngawiati, sahanan ikang praratu,
13 nora bisa nuruta, kian apatih,
14 aib norana kadulu, gancange pendah maruta,
15 meh prapta mareng nagari.

17a 20. Sigra tumurun gagancang, kodep netra,
dateng ring Pancaniti, sira patih karo iku,
terus anepak tengeran, dadia kagiat,
sahananing mantri demung, urahan wong Brunamara,
prasama aseluran prapti.

17b 21. Anggawa astra sayaga, alulunan,
luwir tasik rob angalih, sang prabu sira umetu,
Yamageni Sri Gokarna, sadatongang,
sang Nata sira amuwus, eh patih apa krana,
mamarne nebang tong-tong rit.

22. Kipatih karo matura, singgih dewa,
satru anikep prapti, anglurug nagara tuanku,
amba molih maguta, pan wong Mokah,
ing tegal Osnedur kumpal, sang Nata alon ngandika,
eh sahananing prajurit.

23. Papagna satruning ingwang, ulu balang,
mantri demung wus amit, patih karo mungguhing ayun,
sarwi tabuh-tabuhan, ebek jejel,
wong Brunamara supenuh, antian pada mapag yuda,
asurak-surak gumirih.

24. Ucapen Raden Suwongsa, asung wangsit,
lawan ratu Arabi, dene satrunia wus rawuh,
gumuruh saha bala, raja Maktal,
Sarandil kon balan neku, amagut kang satru prapta,
wong Arab sigra mapagi.

18a 25.

## PUPUH DURMA.

1. Luwir sagara campuh ramenikang yuda,pira kunang wong mati,
eneng ikang yuda, agentin ikang kocapa,
nenggihing Ngasrak nagari, putrane Amsiyah,
nama Dewi Kurisin.

2. Wus angrenga urtine Raden Suwongsa,aprang ring brunabari,
sang ratna malesat, iniring balan ira,
saking gancang piber neki, moh kaungkulan,
tegal paperangan teki.

3. Dadia mangke karungu saking tawang,swaraning bedil titir,
rame agrupudan, angeger umung kang surak,
sang ratna ngling-nglingi, endi wong Arab,
endi wong Brunabari.

4. Wus katon satru prasama agilian,Cakrakusuma nolih,
kinon balanira, manah wong Brunabara,
sigra kang bala ejim, mentang gandewa,
prasama amanahi.

18b 5. Punang panah kadi jauh tibania,malusbus susun tindih,
keh wong kapir kasurban, ngrak tundune sibak,
ana sigar otak neki, mayit asahsah,
kagiat kipatih kalih.

18b 6.Mari balan ira tan etang kang pajah,tumengahing wiyati,
sangkan ikang panah, iku marmane sira,
Sangga layang Sangga Pati, mambur ngegana,
pranahe Ambayani.
7. Dan katemu Ni Dewi Cakrakusuma,kipatih karo angeling,
baya iki sapa, ayu anom araras,
iniring wong akuweh teki, warah kena ingwang,
sumaur Ni Kuresin.
8. Tabuh ingsun siapa kita atatanya,patih karo nawuri,
ingsun mantrin ira, sang Nata Brunamara,
Sangga Layang Sangga Pati, yan kita sapa,
sumawur sang Suputri.
9. Eh apatih lamon kita nora wruha,sun siwine tuan Amir,
ngaran Cakrasekar, anglurah bumi Aarak,
19a mrentah sahananing ejim, kipatih mojar,
apa gawene prapti.
10. Neher ngucap Ni Dewi Sakrakusuma,swakaryan ingong prapti,
tulung tulung ayuda, mareng wong Arab ika,
lah mangke payu ajurit, kipatih mojar,
gumuyu asisirig.
11. Eh Kurisin agung ambekta wanodya,sun cekel madian neki,
kang rurus ngalungga, arengen sira sang Ratna,
angunus pedang anuli, maka gurilap,
tinrejang kian napatih.
12. Raden Atil Sarahil tulung sang Diah,luwir cakra gancang neki,
wadua jim ngrubuta, anglepas konta cakra,
kinuliling kian napatih, tan nolih nongga,
patih karo ngudiding.
13. Mareng darat awor balan ira,irika mush ngamuki,
muter gadan ira, akuweh wong Arab pejah,
warnanen sira sang Dewi, sigra tumut,
panggih lan arin neki.

19b PUPUH DANGDANG.

1. Kuneng sira Ni Kurisin, sapanggihe,
lawan arin ira, Suwongsa lintang sukane,
mush ikang ratu miyu, pada suka bungah kang ati,
sira Raden Suwongsa, tan pegat atutur,
ing musnane Jayengrana, sapolahe,
sang Dewi kangen miarsi, ngembeng-ngembeng waspanya.
2. Kawarnaha sira sang Aji, Sri Gokarna,
wus ngrangsuk busana, nuju maring rana age,
sampun sira katemu, lawan sira kipatih kalih,
Raja Gokarna angucap, eh patih karo aku,
kadiang ngapa tingkah ira, magut yuda,
amusuh wong Arab teki, kipatih kalih matura.

19b 32 3. Singgih tuan bala kari ajurit,lan wong Arab,
33 Sang Nata angucap, ya ingong mapaga mangke,
34 saekaning ratu siyu, nora urung brasta enti,
20a 1 Sang Nata trus tumandang, polaho luwir sus,
2 aberawa muter gada, maring arsa,
3 agelis ta Raja Sarandil, Marmadi tumandangs.
4 4. Santanus Saptanus nuli, lan ratu siyu,
5 pada majueng arsa, amuter gada sakewho,
6 wong Arab surak umung, Raja Maktal lan Umarmadi,
7 Sarandil angamuks, sing pinagut lulus,
8 sakuwoh bala Bruna mara, pagulayah,
9 asusun-susun kang mayit, luwir pendah gunung kuṇapa.
10 5. Bentar buber sakuwehing wong kapir,awurahan,
11 ribut alulunan, ana tibeng jurang reke,
12 sumamburat utek neku, ana tagel sukunia kalih,
13 ngeroh nangis asasambat, sakuweh mantri demung,
14 watek yadu Bruna mara, pada mangsah,
15 kroda tumon bala enti, ngamuk pada sadaya.
16 6. Ana nglepas cakra suligi, piling panah,
17 mumbul kadia udan, Sarandil Marmadi reke,
18 Santanus Saptanus karwaku, pada wira tan bisa gingsir,
20b 19 ngamuk kukuh tan kendat, pira punang lampus,
20 prajurit Brunamara, akuweh cungkang,
21 urahan prasama lari, umung wong Arab surak.
22 7. Atianta krodane sang Aji, Sri Gokarna,
23 tumon mantri sirna, larut atalang jurite,
24 marmane Gokarna maju, Sangga Layang Sangga Pati,
25 lumiring Sri Narendra, saha trine ngamuk,
26 gancange tan pendah maruta, Sri Gokarna,
27 angunda gada kuliling, tan kendat kukuh akral.
28 8. Ratu Arab samiya ngrebuti, awusungan,
29 luwir obah kang jagat, guenita umung surake,
30 Raja Gokarna tan kengguh, tambah gancang kukuh anggitik,
31 beda lan Kumbakarna, ikang ratu siyu,
32 sadaya tan nolih nongga, katumpesan,
33 done gancange sang Aji, tan keni tinanggulan.
34 9. Raja Maktal lan Umarmadi, sakarone,
21a 1 tiba maring lemah, kena gineda nyarpepeh,
2 Sarandil kroda andulu, sigra ngangkat gadanireki,
3 pinukul Sri Narendra, Gokarna tan kengguh,
4 tikel gadan ira nulia, tan pagawe,
5 Raja Gokarna malesi, Sarandil tuwi kantaka.
6 10. Santanus Saptanus neki, mapuliha,
7 patih karo mapag, gumuruh kang yuda ramo,
8 surak pendah langit erug, rah mulekan kadia jaladi,
9 Santanus Saptenus karwa, kalenger ingusung,
10 arengen Raden Wiratmaja, nulia nrejang,
11 Sri Gokarna pinedangi, teguh tan bisa kelas.

21a 12 11. Sri Gokarna kroda tan sipi, sigra nyandak,
13 Raden Repatmaja, arsa binantingan reke,
14 kancit Ni Kuresin nambut, pinilayuan nireki,
15 prayatna ku sumeng raras, sigra mentang ru,
16 tan pegat wetuning panah, kadiya warsa,
17 Sri Gokarna nora gingsir, teguh luwir wesi makas.
21b 18 12. Ni Kuresin manah malih, dening geni,
19 agung kadi arga, angabar murub tejane,
20 liniput sira sang prabu, Sri Gokarna nora gingsir,
21 geni ing ngamuk sirna, muah sang Ratna Ayu,
22 amanah dening baruang, Sri Gokarna,
23 tan kangkat den ikang angin, kalintang saktin ira.
24 13. Sakewhing gagaman samya enti,tan pagawe,
25 sama sakti mulia, norana kuciwa reke,
26 eneng ikang karuhun, polah ira sang mangun jurit,
27 ana kang ginopita, Marmaya kawuwus,
28 maring Talkandangan sira, duking wengi,
29 sumpenane Pakuaji, katon sang Jayengrana.
30 14. Saking sajeroning pangipi, Jayengrana,
31 tan pegat ta sira, amangsul rudira reke,
32 kaget Kitambaklayung, nulia tangi sira alinggih,
33 angiling ikang swapena, Umarmaya iku,
34 mikirin tuan Jayengrana, sampun pejah,
22a 1 amanggih durjana pati, agelis sira Marmaya.
2 PUPUH SINOM.
3 1. Sinambut kakasan nira, Marmaya mambur ngawiyati,
4 kadi kilap lampah ira, andarung paiber neki,
5 anujuweng puser bumi, saksana lampah nireku,
6 dateng ing bumi Mekah, wenten bala tur udani,
7 Jayengrana,sampun ical.
8 2. Sapari polahe samiyan, Repatmaja sah nusuli,
9 iniringing para nata, saha bala wong Arabi,
10 asamun ing nagara, sahe gani ratu siyu,
11 Marmaya kaget miyarsa, nulia mambur sira agelis,
12 lintang susah umangen tuan Jayengrana.
13 3. Tan kauningan Marmaya, tatkala sira ngawiyati,
14 gentine ikang gopita, layone tuan Jayengpati,
15 nenggih sor ring tangguli, tansah mayite kinungkup,
16 dene sang putri karwa, wus rong candra lamineki,
17 sabran dina,mayite ajak sanggama.
18 4. Saking takdir Yang Suksema, marahang putri karweki,
22b 19 dadi bobot kalih sira, wus dateng wulanan neki,
20 jangkep sapuluh warsi, lara wetenge tuan galuh,
21 ambabar karo sira, sira Dewi Gandarini,
22 nulia metu,putrane raga kewala.

22b 23 5. Waluya anggane Amsiyah, lagi Ni Sutejawati,
24 metu putrane mastaka, kaya sira Jayengpati,
25 kangen sira sang Putri, mulating atmajan iku,
26 angrasa pituduhing Yang, mangu-mangu samiya kingking,
27 kadahatan Dewi Gandari ki mojar.
28 6. Duh yayi Sutejawatiya, dahat sangsara anjadmi,
29 teka sun anak mengkeneya, sarira juga umijil,
30 Suteja anawurin, nrabas tirtan ikang caksu,
31 samiya lacur pangeran, amba mastaka umijil,
32 sun watara manawa mayite ngoga.
33 7. Akrama lawan wong pejah, dahat letuhe mas yayi,
34 yadiyapin mangkana kakang, pan mula remene gusti,
35 sampun tandruhing kardi, putrane ingukut-ukut,
36 dadi mastaka mojar, lah iki rowang amba mangkin,
23a 1 ing nagara ingkana ngulati angga.
2 8. Ikang lawean umojar, amba buncal juga bibi,
3 mareng sor ikang pratala, ngulati murdane agelis,
4 tutut ibune kalih, wus binuwang siwineku,
5 sang putri umangsula, citane angupkup mayit,
6 dadiya musna nabi ilir pan inalap.
7 9. Sang putri karone kagiat, ing musnane Jayeng pati,
8 nangis pada kasangsara, amurang-murang tuan Dewi,
9 nuju Barunambari, eneng polahe tuan Galuh,
10 Jayengrana kocapa, wus ingurip dening Nabi,
11 aneng Sorga ikana lungguhe Amsiyah.
12. 10. Winarsita kang mastaka, kumambangan aneng pasir
13 Yang Baruna sigra nyandak, sinambut mastaka nuli,
23b 14 Yang Baruna sira gelis, angamet iwak krapu,
15 pinunggal tendas ira, anggane juga inambil,
16 rinaketan kalawan suta mastaka.
17 11. Yang Baruna nulia ngucap, eh sang mina mangga teki,
18 lah ulati bapan ira, ideren tuan Jayengpati,
19 sang mina angga angeling, singgih kaula anuhun,
20 nulia sira anglayang, mider-mider piber neki,
21 nora ta metu dadiya tumurun ing darat.
22 12. Anangis sang mina angga, kangen mareng ragan neki,
23 tan uninga mina angga, nenggih ingsor nikang bumi,
24 Sang angga suta teki, tiba yune Srepalembu,
25 Sang Anteboga nyandak, ingulatan murda sarpi,
26 rinaketan lawan ikang suta angga.
27 13. Aberawa rupan ira, Srepabumi muwus aris,
28 ulatana bapan ira, mareng luhur ikang bumi,
29 sira sang Jayengpati, sang seliwah rupa amuwus,
24a 1 age ta sira kesah, malesat mabur ngawiyati,
2 kedep netra dateng luhuring pratala.

## GAGURITAN BRUNA-MARA.JERO UJUNG.18.

24a 3 14. Tanwruh parane ngulatna, saksana mulia amanggih,
4 ing awan mina angga, sapanggiho mamiya ngeling,
5 awas pada ing aksi, baya iki ragan ingsun,
6 lah age serahen maring ingwang, mastaka ula nawuri,
7 eh ta yeki murdan ingsun sira ngawa.
8 15. Lah wakena maring ingwang, mina angga anawuri,
9 lah wakena angganing ingwang, sumaur sang murda sarpi,
10 sira wak ulu mami, krêda pada karo neku,
11 Sang sama seliwah rupa, akuyangan saling sabit,
12 saling rebutsama nora kena ika.
13 16. Eneng akena saksana, Umarmaya kang kawarni,
14 ing ambara anglayang, tan pegat sira anangis,
15 kangen ring Jayengpati, dadia ta mangke kadulu,
16 sira sang mina angga, akuyeng lan murda sarpi,
17 Umarmaya age sira maranana.
18 17. Sapraptan ira ring darat, gumirib ngres kapati,
24b 19 tumon ta sang seliwah rupa, arujeng rebut kulili,
20 baya apa ta iki, tawah temen macem ipun,
21 siji aruga iwak, aberawa muka jadmi,
22 kang sawiji ula sarpa muka jadma.
23 18. Tur iki temu ayuda, emeng sira Gurit wesi,
24 eran momot angadega, dene bina kayeng lagi,
25 salamine sun jadmi, durung nemu kaya iku,
26 baya palancah Dewa, manawa tonya puniki,
27 balik ingsun cobek mangke katonana.
28 19. Eh karo mu apa kita, atawa macem mu teki,
29 sang seliwah rupa mojar, yan sira nora awruhi,
30 sun siwine tuan Amir, Marmaya guyu angrungu,
31 eh kalingane babedan, angangken rama ing Amir,
32 dudu Amsiyah mengkene adrebe putra.
33 20. Yan putran ira sang Menak, apan manusia jati,
34 apekik luwir Sangyang Smara, sing solah jatmika pasti,
25a 1 manawa sira iki, tonya braala karomu,
2 dengen utawi setan, cacendi elot karo iki,
3 kang anarbe pameng-amongane sira.
4 21. Sumaur sira sang seliwah, dudu sun palancah teki,
5 sasungguno sultan Arab, yeku raman ingsun jati,
6 yan sira sama iki, atanya mara ing ulun,
7 mojar kiUmarmaya, yan sira nora ngawruhi,
8 ya ingsun sanake tuan Jayengrana.
9 22. Purwaning nagara Arab, gurita ikang kami,
10 saur sang seliwah karo, yan mangkana sira teki,
11 sanake dera Amir, paku waja kang jajuluk,
12 singgih iwa Umarmaya, amba tumuta ngulati,
13 sultan Arab jeng rama Baginda Amsiyah.

25a 23. Semu wedi Umarmaya, asruh denya angeling,
aja tumuta babedan, ingsun dahat nora wani,
andulu jeneng nami, angker tawah rupan ipun,
sira sang seliwah rupa, maranin ki Guritwesi,
Umarmaya sisirig arsanya minggat.
24. Dene lintang maras sira, sigra malayu tan nolih,
25b Sang poleng kalih nuruta, saparane Guritwesi,
tan sah binuru lari, tiba tangi Tambaklayung,
uderan larin ira, sang poleng muru nut buri,
saparane Umarmaya tinututan.
25. Sarwi sira malaku antia, Guritwesi nora angling,
luwir kilap lari Marmaya, kidul kulon paran neki,
sang seliwah anut buri, lintang ewuh Tambaklayung,
mabur sira ngagagana, sang seliwah mabur nuruti,
Umarmaya tulung-tulung akuyayangan.
26. Enengakena saksana, polah ira Pakuaji,
binuru sang belang warna, gentine kang ginupit,
sira sang putri kalih, Gandari Suteja tumut,
arsa anglampus raga, dahat deniya kapriatin,
nuju ing prang sang putri kasmareng yuda.

PUPUH SEMARAN DANA.

1. Sira Dewi Kuresin, dadi sena pati laga,
sigra ing arsa sang Ratna, kancit putri kalih prapta,
angamuk waduwa Arab, Ni Kuresin sigra magut,
sarwi anglapasing panah.
2. Srengen sira putri kalih, sakarone pada nrejang,
26a anulih yuda reko, kinabul Kusumangraras,
rosa manah pinanah, aruket suduk sinuduk,
pada putung kadgan ira.

PUPUH SINOM.

1. Suteja Gandari sira, aputek kroda masengit,
aprang lan cakra kusuma, mangke sira Gandarini,
mentang siyamoga sakti, angabar ya geni murub,
kumebyar kadiya kilap, linepas dera sang dewi,
Ni Kuresin sib nora katingalan.
2. Gandari sengit tumingal, ing saktin ira Kuresin,
muah sira ngregep astra, aru diwangkara kang nami,
linepas ing ngawiyati, mangke katon cakra santun,
Gandari kroda mojar, prang cidra angjing Arabi,
Ni Kuresin prayatna mentang panah.
3. Pasung ira Nabi Usman, aru sarpa kang pinusti,
metu ulor alulunan, salakse saketi-keti,
muah ana sawiji, Takseka agung luwir gunung,
cangkeme pendah guwa, netrane luwir surya kalih,
26b tuwi kadbuta malesat marong ambara.

26b 20. Angarab-arab swarania, iniring kwehing nanipi,
Ni Gandari kabrahmantian, eru jatayu kang pinusti,
wetu aketi-keti, sarpa prasama inuluh,
taksaka agung angrak, pinangan jatayu enti,
pendah larwa,tumibeng mareng pawaka.
21. Taksaka angakak-akak, Ni Gandari aningalin,
karone Sutejawatia, sayan maputek kang ati,
nyeleg ing rana musti, pamungkah ikanang ilmu,
metu ikang garuda, apatuk wesi warani,
elar nira,gangsa kukuh rapet kuat.
22. Acarma tambaga abang, otot susum kawat sami,
netrane komala ngranyab, apagut lan naga aji,
garuda gancang namplig, elar nira nampel kukuh,
bingung ikang taksaka, pinacok socan niya kalih,
tuwi gumubras pejah taksaka anglambayang.
23. Gandari Sutejawatia, amaranin Nikuresin,
27a anulia kena cinandak, tan papolah Nikuresin,
riniket asta kalih, cinantel ing langit biru,
nangis kusuma ngraras, Gandari Sutejawati,
lagi mangsul tumurun ngawaki yuda.

PUPUH KUMAMBANG.

1. Repatmaja weruh yan kakange kajodi,citane rahadiyan,
tumut bela ing Kuresin, agelis ta sira tumandang.
2. Dan katemu Gandari Sutejawati,Raden Repatmaja,
sigra ngalepas panah neki, sang diah malumpat tan kena.
3. Putri kalih awas den nira ning aksi,maring raja putra,
lebih tinjot nalan neki, sinenggih tuan Jayengrana.
4. Sakarone pada egar amarani, mesem umatura,
duh pangeran Jayengpati, punapa lali mas mirah.
5. Teka sira sira amanah ambek karweki,srengen Wiratmaja,
wong jaruh sira mureki, luwir ganggu wuwus Rahadiyan.
6. Ni Gandari kalawan Sutejawati,sayan kalulutan,
27b nora merang ginuyoni, arsa amregul Rahadiyan.
7. Duh pangeran sapa sira iki gusti,apekik kalintang,
emper-emper Jayengpati, amanis luwir madu drawa.
8. Mangke urip lintang suka amba gusti,kagiat Nrepatmaja,
dening weruhing raman neki, arsa tumaken Rahadiyan.

PUPUH SEMARAN DANA.

1. Bau umojar tuan Mantri, kancit Nabi Ilir prapta,
sinamber Suwongsa reko, sang putri karone kagiyat,
ing musnane Rahadiyan, lintang kangen sang Diyah sungsut,
luwir wong kahilangan jiwa.
2. Kadahatan sang Diyah kingking,Yang Ilir mangke kocapa,
angawa Raden Suwongsa, ing prenahe Jayengrana,
sampun sira apanggiha, kalawan sang Jayengsatru,
28a prasama egar ring driya.

28a 3. Tas kauningan tuan Amir,    wuwusen Kiumarmaya,
nora pegat paleyune,    binuru sang saliwah rupa,
meh teka tinututan,    kuyayangan minta tulung,
alah ilesah tuan Alah.

4. Kancit Nabi Ilir prapti,    tinakep Kiumarmaya,
Tuan Alah alon tembunge,    tan wruh ko sira Marmaya,
nora weruh maring putra,    Sang polang karo sinambut,
neher prasama arariyan.

5. Yang Ilir asung ngwruhi,    mareng si Umarmaya,
prasama tinutur kabeh,    mangu-mangu Umarmaya,
angembeng-ngembeng waspa,    binaomi sang poleng iku,
angga mina ula sarpa.

6. Mastaka jadma ingambil,    rinaket lan angga jadma,
wus ingurip sira baik,    denira Nabining suksema,
pekik datan pasama,    luwir Yang Manmata nurun,
ngalap maniking redaya.

7. Yang Ilir muwus aris,    mangke sun arani sira,
28b Jagatarina namane,    moga sira jayeng rana,
mutar isining dunia,    jagat Arina asujud,
sukur Tuan Alah arahmat.

8. Umarmaya angrongkul nuli,    aduh putran ingsun nyawa,
mangke suka sirna ingong,    angangkan suta isira,
Yang Ilir muah anabda,    eh ta kaki Tambak layung,
lah mangke ta lunga sira.

9. I Bruna bara nagari,    warahna waduwan ira,
akon araryana reke,    ayuda lawan wong kupar,
apan masanya nongka,    Umarmaya nangis matur,
yun papanggih lan tuan Menak.

## PUPUH PANGKUR.

1. Yang Ilir sigra manabda,    Yang kaki Jayeng murti ing mangkin,
anang sor geh ingsun lungguh,    karo lan Repatmaja,
aja susah idepen juga wuwus sun,    bedik sira lumampaha,
Ibrunamara den agelis.

2. Umarmaya nuhun sira,    nulia amit anembah Yang Ilir,
Umarmaya nulia mabur,    nuju ing Brunabara,
Nabi Ilir aris den ira muwus,    duh buyut jagat Arina,
29a mangke sira kinon mami.

3. Lunga sira mapulihang,    maring Brunamara geburan sami,
ing satrune raman iku,    sira mangke maguta,
lah tarima pasupati dibiyanung,    pedang siji pangamukan,
wus putusi sastra mreti.

4. Saksana wus winekasan,    inugraha den ira Nabi Ilir,
ing danur dara inuruk,    tan bina lawan Amsiyah,
nulia mangkat luwir sangyang surya lumaku,arapet polah ing yuda,
amper basmi Brunabari.

29a 5. Umarmaya mangka prapta, ing prenahe,
para ratu Arabi, prasama nangis anguwuh,
age luden pangeran, Umarmaya,
lebih kagiat sira dulu, age mukak kekasang,
tinambunan kewhing aji.
6. Ucapen mangke sang Diah, Nikuresin,
sampun kabuncal teki, den ira Yang Ilir iku,
tinemu aneng sorga, maring ramanira,
29b Sultan Jayengsatru, muah ta Raden Repatemaja,
samiya arsa suka manggih.
7. Umarmaya kagopita, tinambanan,
waras praratu sami, muwah tan kinon perang cucuh,
prasama nuturan, jim istri,
sakewehe angrungu, Umarmaya muwah ngagana,
iniring sakweh nikang jim.
8. Tan uninga Umarmaya, raden jagat,
arina kang ginupit, dateng ing Barunabara reku,
anuju mareng rana, ngawa pedang,
luwir pendah tatit dinulu, bagus solahing tindak,
tuhu prajurit linuwih.
9. Ingarsa sira susumbar, eh wong kupar,
rebuten ingsun yeki, siwine tuan Jayengsatru,
macan ulung ring Arab, yadu Brunabara,
sugal tuwi ling nireku, tan priwangde kamu pejah,
an dadi tepung binasmi.

10. **PUPUH DURMA.**

1. Dan rinebut mangke sang Gatarina, dening wong Brunabari,
raja putra mangsah, ngamuk gancang luwir kilap,
sakedep arep ing wingking, luwir pendah cakra,
30a sing pedek pinandangi.
2. Akuewh cungkang yadu Brunabara, bentar bubar alari,
eran iya sadaya, siji tan wani mulat,
beda lawan nguni-nguni, sira tuan mantriya,
asolah amantasti.
3. Luwir Yang Arka prabawane raja putra, praratu Brunabari,
mabuteng krodaniya, tumon mantri wisirna,
pada molah kudaneki, rong tali kweh niya,
amuter gada wesi.
4. Majuweng arsa kudaniya angrik nrumpak, tuan mantri pendah tatit,
kukuh gancang akral, pedang maka guribap,
warnane tuhu Wraspati, luwir Sangyang Semara,
ngawe ulaping ari.
5. Para ratu Bruna angrubuta sira, anan keri ing wingking,
pada muter gada, kroda Jagatarina,
sigra muter pedangneki, luwir cakra gilangan,
akweh praratu mati.

30a 6. Awusungan surak luwir kadi grah,sira praratu Amir,
sangang atak kang pejah,    rong atus samiya bubar,
angarong kudaniya lari,    agelis kipatiya,
Sangga Layang Sangga Pati.

30b 7. Lintang kroda aberawa muter gada,amuwuh patih kalih,
tuan mantri malumpat,    udran liru papan,
katon kadi kreta angin,    agepiyak bubar,
buru-binuru teki.

8. Griyeng gempiyang gatiking gada lan pedang,kumebiyar tatit neki,
angeresing tumingal,    tuan mantri sayan gancang,
cet ing arep cet ing nguri,    patih tuwi kewran,
tan bila ananggulі.

9. Sangga Layang pinedang gulune pegat,gumubras ya ngemasi,
murdane pinunggal,    Sangga Pati ginutukan,
piline kena kipatih,    murca ing lemah,
pinedang terus ngemasin.

10. Sri Gokarna angerak sira tumingal,pejah ke rakriyan napatih,
Rahadiyan ingalap,    binanling maring lemah,
Rahadiyan murca kapati,    ing kuwat sang ta,
kancit Yang Ilir prapti.

11. Dan sinambut Rahadiyan sira malajengan,aib musna tan kaksi,
sang Nata kemengan,    mabuteng kabrahmantiyan,
31a warnanen sira tuan mantri,    wus tinambanan,
den ira Nabi Ilir.

12. Nabi Lir anabda eh buyut inge wang,lawanen malih jurit,
iki sun paweha,    astra cakra kadarpa,
age tarimanen iki,    marmane sigra,
pejah Sri Gokarneng jurit.

13. Lintang suka Rahadiyan narima panah,amit sira abakti,
anuli lumampah,    kapapag Sri Gokarna,
Jagatarina ngelepasin,    jajan niya ratas,
gumubras tibeng siti.

## PUPUH DANGDANG.

1. Sapejahe sira sang aji,    Sri Gokarna,
muah sira gopita,    denda rama sakarone,
angawaki perang cucuh,    tambah kangen mahyun ngemasin,
dadi sira kapapag,    lawan putran neku,
Rahaden Jagatarina,    mareng rana,
Gandari Suteja angeling,    angembeng-ngembeng waspaniya.

2. Eling maring putran ireki,    duking kina,
sadidik tan siwah,    panana ragane reke,
Rahadiyan aris sumaur,    eh ta satru kapir karweki,
iki mulane ingwang,    Jayengrana sunu,
31b aran sun Jagatarina,    Si Gandari,
angeling siapa ibuneki,    lah warahen mas mirah.

31b 24 3. Jagat arana nuia ngeling, ingsun yaki,
25 nora narbe biyang, sang putri sumiyar budine,
26 abisik lan arin neku, sekarone pada angeling,
27 ingsun ibune dewa, dangu jayeng satru,
28 olih sira krama jiwa, lawan ingowang,
29 metu rupa seliwah warni, karone arsa binuwang.
30 4. Rahadiyan nulia angeling, oh wong kupar,
31 dudu awak ingowang, narbe ibu mengkonene,
32 kombulana awak ingsun, sregu-sregu sang putri nangis,
33 kangen ing twas ira, dene tan ingaku,
34 muwah tinantang aperang, marnan ira,
35 mambur ta sang putri kalih, nangis inambat tuan Menak.
36 5. Eneng akena sira tuan mantri, winarsita,
37 Prabu Brunabara, Yamageni tatkalane,
38 sampun ingaturan iku, waduwan ira prasama onti,
39 miwah rakriyan wus pejah, ulu balang demung,
32a 1 asahsah mareng paperangan, pagulayah,
2 makadi putra Nerpati, pejag tan pagalawan.
3 6. Antiyan kroda nira sang Aji, angakena,
4 detiya kiyating sarat, sakti lewih prabawane,
5 Windu Petak kang jujuluk, aberawa tuwi ajajerih,
6 angerak luwir pendah kilap, abang reman ipun,
7 arengeng gumriyeng gigila, cangkeme guwa tumuli,
8 untune gogos rangap.
9 7. Mangke sira raja Yama Geni, adan mayas,
10 luwir dasa muka warnane, sang Nata nulia mambur,
11 arsa sira amangun jurit, sang detiya mangke prapta,
12 aneng rana umuwus, angrak swarane gumerah,
13 kadiya gelap, jagat Arina miarai,
14 age sira amaguta.
15 8. Sang Danawa angrak angruk, aru unojar,
16 anjing selam wong Makah, janjine ta sira mangke,
17 nora priwangde alampus, musuh ingsun raksasa sakti,
18 kalokeng tri buwana, Rahadiyan amuwus,
32b 19 nora sun wedi risira, lah trapakena,
20 sang detiya kroda twi nrejangi, luwir kilap anamber lingga.
21 9. Tuan mantri sigra lumpati, nora kena,
22 detiya sayan gancang, angrak gumuruh swarane,
23 tuan mantri nora kengguh, mula penter nyolahi jurit,
24 luwir cakro pamanya, muter pedang neku,
25 sang detiya juga mangkana, telalu gancang,
26 cet ingarep cet inguri, udran luwir liru papan.
27 10. Dadiya gempor sira tuan mantri, karepotan,
28 tuwi kena cumandak, inguber-uber rahaden,
29 ajingkrak detiya ngrik umung, terus inguntal sira tuan mantri,
30 detiya asumbar-sumbar, wong Arab papag sun,
31 mangke sang Jagat arina, ing jro weteng,
32 dadi ta sira anglilir, sajroning garba raksasa.

32b 33 11. Dadiya kroda sira tuan mantri,ing wredaya,
34 weruh sajeroning garba, agelis ta sira rahaden,
35 papusuh detiya ginilut, ginodotan ing pedang neki,
36 pegat papusuh nira, sang detiya ngrak umung,
33a 1 luwir pendah angrubuh jagat, tuwi wimuda,
2 gumeblug tiba ing siti, wangkone pendah arga.
3 12. Raden Jagat arina umijil, saking garba,
4 detiya Windupetak, Yama geni dateng age,
5 mulat sira sang Prabu, maring detiya sampun ngemasin,
6 antiyan kroda nireka, agelis maring ayun,
7 kapanggih sira Rahadiyan, sri Narendra,
8 aseruh den nira angeling, boncah ko sakti amejah.
9 13. Ikang detiya pejah ing jurit,baya sapa,
10 reko iki sira, singset apekik warnane,
11 purusa wiryeng ayun, warahna ingsun den agelis,
12 Jagat arina mojar, kupar iya ingsun,
13 sutane tuan Jayengrana, ajujuluk,
14 Jagat arina linuwih, kalokeng jagat raya.
15 14. Sumaura sira sang Aji, kalingane,
16 sira putra Amadiyah, pakse lancang boncah reko,
17 bapamu wus lampus, lah ketogen kadang mu sami,
18 siji kita akecap, Jagat arina aeruh,
33b 19 anrajang amuter pedang, Sri Narendra,
20 amales ngonta nyuduki, samiya teguh bonda yuda.
21 15. Suduk anyuduk karweki, pada wira,
22 sakti perang wiweka, pada tan kuciwa reko,
23 sakewhe sanjata pupug, emper watu teguh karweki,
24 age Sri Yamanala, anambut eru gunung,
25 linepasan sira Rahadiyan, nora ginaa,
26 Rahaden ngamuk tan gingsir, akweh satru kang pinejah.
27 16. Malih sira Sri Bupati, ngregep astra,
28 wesi rajut mekas, tinuju sira Rahaden,
29 Jagat arina dibyanung, panah rajut ing angamuk enti,
30 kadi pasir angrabas, srengen sang Prabu,
31 lumumpat sira angrak, kadiya kilap,
32 angonta angubat abit, pendah wijung kabrasan.
33 17. Apusingan sira sang Aji, dan cinandak,
34 nulia kena Rahadiyan, ingubor ring siti age,
35 kroda sang Nata ngrenggut, muah inubeng binuncal teki,
36 Rahaden anglemayang, nulia tiba iku,
37 ing jron ikang ernawa, kumambangan,
38 Yang Baruna nyandak agelis, neher sira numoda.
34a 1 18. Winarahan Rahaden dening, Yang suksema,
2 sinung kasaktian, luput sakwehing wisyane,
3 tan tumamah goni agung, kadi tirta tan amanasi,
4 muah iki tarimana, gawanen acucuh,
5 iki tunggang gajah mina, maka kanti,
6 Rahadiyan anahun bakti, sarwi sira sembahyang.

34a 7 19. Gajahmina pan sampun prapti, dan tinunggang,
8 denira Rahadiyan, abang agalak rupane,
9 anulia malesat sampun, anguranyab luwir pendah apuwi,
10 anujeng Brunamara, saksana wus rawuh,
11 sira mareng Brunamara, nujwengrana,
12 katemu Sri Yamageni, kaget sira umulat.
13 20. Sri Narendra deniya asruh ngeling,eh wong Mekah,
14 tuhu surong rana, anunggang iwak praptane,
15 sang Nata amanah aseruh, dening konta baswara lungid,
16 konta ingamuk sirna, arengen sanga Prabu,
17 anulia amurti sira, matemahan,
18 banaspati kadiya ukir, pendah Yang mretyu sira.
19 21. Abra murub metu ikang apwi, saking angga,
34b 20 banaspati raja, luwir surya kembar netrane,
21 angabar luwir suneru, saking rambut saluwiring sandi,
22 ngeber murub pakranyah, banaspati maju,
23 lumumpat nander Rahadiyan, inguyakan,
24 Jagat arina tan gingsir, apusing yudan ira.
25 22. Liniputan dening punang apuwi,nora nilap,
26 geni ring Rahadiyan, anulia cinogroh age,
27 banaspati angregut, gajahmina nander ing wingking,
28 banaspati kasoran, salin warnaneku,
29 waluya sira sang Nata, sigrang gada,
30 Jagat arina ginitik, teguh luwir wesi makas.
31 23. Jagat arina sura tan gingsir, males anedang,
32 gancang kadiya kilat, sayan kukuh payudane,
33 gajahmina tuwi dibyanung, agrebut nander luwir tatit,
34 keweran sira sang Nata, tan bisa anagut,
35 malayu nember ing gagana, tuwi binuru,
36 gajahmina tinunggangi, murub cahyane muncar.
37 24. Saparane sira sang aji, kinepungan,
38 atas mingsor uderan, kasusahan pakayunane,
35a 1 anelasang kowat ipun, kadiya tatit turun sang Aji,
2 manjing soring pretala, mandeg kang amburu,
3 dene nora katinggalan, kancit prapta,
4 Nabi Ilir mulia angeling, leh reryan buyut ingwang.
5 25. Apan satru wus ilang teki, tuwi Rahadiyan,
6 anuhun anembah, age lumiring Rahaden,
7 ing pernahe Jayengsatru, anong sorga sampun papanggih,
8 irika Yang Ilir sira, asung pangawruh,
9 mareng sira Jayengrana, sepolahe,
10 sira aputra mring iki, Raden Jagat arina.
11 26. Lintang suka twas sira Amir, nangis ngrekul,
12 tuwi ingusap-usap, tuan Mantri sika citane,
13 nembah angaras suku, Repatmaja muah Nikuresin,
14 lintang suka tumingal, karone angrangkul,
15 duh yayi Jagat arina, sukur Alah,
16 nutur pada tinuturi, neher kakanten asta.

35b 27. Sama suka kasih kinasihan teki,asasanak,
eneng polah ira, kumpul maring sor gebahek,
sang Nata mangke kawuwus, Yamageni sor rikang bumi,
arsa sira papanggiha, lawan Sarpa lembu,
duk kalane Antaboga, alinggiha,
kancit Yama geni prapti, ayune sang Antaboga.

PUPUH SINOM.

1. Sang Antaboga anabda, eh sang Prabu Yamageni,
punapa swakarya prapta, apapanggih lawan mami,
Yamageni muwus aris, karya amba lintang perlu,
katemu ijeng Dewa, kasoran amba ing jurit,
musuh Islam, siwine tuan Jayengrana.
2. Anama Jagatarina, wisesa dibya ing jurit,
anunggangi gajahmina, prakosa wirya sura di,
teguh gancang nglumpati, abagus putusing ilmu,
sang Antabumi mojar, arinku aja awedi,
mangke kakang, paparong ngawaking yuda.
36a 3. Agelis sira Sarpabumiya, amanggil kang wadwa prapti,
sakrahing santana sarpa, taksana naga nanipi,
ngakak Sarpabumi angrik, pakureyak ngakak ngukuk,
ebek jejel lumampah, macem-macem warnaneki,
agung alit, alulun-lulun prapta.
4. Luwir pendah sagara blabar, tan keneng etang kang sarpi,
Antaboga Sri Narendra, arepet busaneng jurut,
nuju ring rana agelis, taksaka ebek suponuh,
luwir obah pratala, uw usen sira Yang Ilir,
amanggila, buyute Jagatarina.
5. Muah sira kinon mayuda, musuh Prabu Yamageni,
maka miwah sarpabumia, papagen malih ajurit,
Rahadiyan matur bakti, singgih kaula anuhun,
Rahadiyan adan sira, wus ngrangsuk busana ngrawit,
nujueng laga, anunggangi gajahmina.
6. Luwir pendah tatit lumampah, prapta ing rana tumuli,
36b karepetan prabu karo, dadya Antaboga angeling,
duh yayi Yamageni, manawa wong Mekah iku,
anunggang gajahmina, sang Nata nulia angeling,
singgih teki, saktine kalintang-lintang.
7. Sigra sira Antaboga, asung wangsit lawan sarpi,
angrâbut sira Rahadiyan, sumrang sakweh ikang sarpi,
angeter ananderi, linepas gajahminaku,
ngamuk ikang taksaka, dinulur dera tuan mantri,
luwir maruta, pangamuke sira Rahadiyan.

PUPUH DURMA.

1. Magulungan luwir pendah campuh sagara,taksaka ngregut ngalilit,
tuan mantri tan bingglak, teguh gagah prakosa,
binanting pinedang teki, tan keneng etang,
pejah naga naniyi.

36b
2. Telas rong tali salaksa takseka prapta,salaksa sirna malih,
rong laksa tuwi prapta, Gajahmina angrumpak,
37a
rong laksa pinangan enti, rong keti prapta,
luwir sagara mangalih.
3. Mawusungan ramening prang twi kadbuta,gumuruh swaraneki,
lindu tang pratala, budeg ucak sagara,
rem-rem tejaning yang rawi, sakewhing gandarwa,
sahiśning sowargi.
4. Widyadara widyadari grun rantaban,anonton saking langit,
maka muah tuan Menak, Kuresin Repatmaja,
suka pada nonton jurit, sang Gajahmina,
tan pegat anguntalin.
5. Malah wareg den ira amangan sarpa,muang sira tuan Mantri,
liniputing sarpa, Nabi Ilir Suleman,
sigra tulung ajurit, dadya garuda,
agunge pendah giri.
Angamuk Nabi karo maring rana, sinamber parong rong tali,
prapta koti-kotian, takseka ing sor buwana,
garuda tan pegat namberin, kang sarpa ika,
tan pegat praptaneki.
37b
7. Lintang eyuh nabi kalih ing wredaya,dene lulunen prapti,
kang sarpa takseka, Nabi Ilir tumedak,
asalin warnaneki, kadi ing kuna,
turun sor ing pratiwi.
8. Dan tinuju margine sarpa lumampah,kang munggah luhuring bumi,
nulia ingampetan, dene Yang Ilir sigra,
kendeg kang sarpa prasami, tan olih marga,
munggahing mreca bumi.
9. Nabi Ilir nulia tan katinggalan,mambur sira ngawiyati,
mung Nabi Suleman, kari warna garuda,
anamber kang sarpa enti, pan inampetan,
tan nana polih margi.
10. Telas mangke sisaning pejah malayua,bubar atinggal jurit,
sira Antaboga, lintang brahmantiyan sira,
mulating takseka enti, maju ring arsa,
lawan Sri Yamageni.
11. Tinrajang Rahadiyan Jagatarina,ngamuk sang prabu kalih,
gajahmina nrumpak, magut Yang Antaboga,
38a
Rahadiyan magut sang Aji, natang Baruna,
nuju tinuju teki.
12. Yamageni mamanah dening pawaka,murub luwir pendah giri,
ngabar ring paperangan, geni ingamuk sirna,
Nabi Suleman sira gelis, amentang cakra,
tinuju Yamageni.
13. Tuwi kumruwak jinewit sira sang Nata,remek ajur kang galih,
pejah tibeng kisma, naga bumi umulat,
ing pejah ira sang Aji, maras kalintang,
gumenter angganeki.

## GAGURITAN BRUNA-MARA.JERO UJUNG.29.

38a **PUPUH GINANTI.**

1. Sayan maras Sang Sarpa lembu, gancang malayu luwir tatit,
Rahadiyan sigra amburua, gajah mina kang tunggangin,
Antaboga kadiya kilap, meh prapta soring pratiwi.

2. Mandeg Rahadiyan amburu, mangsul kundur mareng jurit,
anulia dadi kapapag, maring sira putri kalih,
Gandari Sutejawatiya, Jagatarina marepeki.

3. Rahadiyan angucap asruh, payu rebut ingsun jurit,
38b menong sang putri tan ngucap, kancit Nabi Ilir prapti,
pranamiya atur sembah, Nabi Ilir ngandika aris.

3. Anutur sapolah ipun, sadaya tinutur teki,
saking purwa kinabaran, kagiat ira tuan mantri,
luwir wong kailangan jiwa, sregu-sregu Rahadiyan king-king.

4. Menget sira mareng kalbu, anguman ring ibun neki,
lintang kangen ring werdaya, angrasa tangpakeng bibi,
anembah-nembah Rahadiyan, anangis amekul bibi.

5. Nangis tinangisan umung, mojar sira putri kalih,
ngembeng-ngembeng waspanira, ingukut-ukut kang siwi,
kebiyur suka manah ira, makadi sira tuan mantri.

6. luwir mina kasreban banyu, guyu-guyu anangis,
kangen suka manah nira, luwir pendah wong kadiya mimpi,
katrine pada lumampah, nujueng Bruna praja nagari.

7. Akanten apta lumaku, kalintang sukaning ati,
wong Bruna mara urahan, pan wus samya ngra werti,
39a yan putrane gustin ira, ing dangu menang ajurit.

8. Sakweh ikang mantri demung, amapag angawa joli,
istri kakung pada rantaban, girang amapagin gusti,
dene kalokeng sajagat, apekik nora tumanding.

9. Datan kawarna maring enu, dadiya kacunduk ring margi,
wong mapag prasama kagiat, tumon warnane tuan mantri,
katon luwir Yang Yang Semara, wong Bruna mara ngabakti.

10. Ingaturan munggah sampun, nanging ta sira tuan mantri,
katrine lan ibun ira, nora yun munggahing joli,
gajah mina pinaesan, akekepuh mas rinukmi.

11. Neher tinunggangan sampun, murub luwir arga lumaris,
eran sakweh Bruna mara, angalem ing gustin neki,
apekik sakti kalintang, remen sakweh wong angiring.

39b **PUPUH KUMAMBANG.**

1. Gajahmina mambur anujuing puri, sekedep sampun prapta,
wong ngiring samiya mawali, mantuk mareng wisman ira.

2. Agopita tuan mantri lan ibun neki, sajeroning kang pura,
pada suka idep sami, suka pada kembul dahar.

3. Gajahmina wus winehan mangan naslir, rong laksa ngawu beras,
binubuh pinangan enti, arep deniya amangan.

4. Gajahmina amit maring tuan mantri, dene puput karya,
mantuk maring tengah jeladi, tuan mantri asung nugraha.

5. Gajahmina mabur maring mantuk aglis, ing jroning ernawa,
wuwuwsen mangke Yang Ilir, mantuk maring sowarga.

39b 25 **PUPUH MIJIL.**

26 1. Saksana Yang Ilir mangke prapti,atemu tuan Menak,
27 lan Kurisin Marmaya ajejer,    Repatmaja prasama mrepeki,
28 angatur subakti,    mara ing Yang Maha Luhur.
29 2. Tuan Menak maatur ring Yang Widi,dene putran nira,
40a 1 sajagat Arina dateng ta reke,    nawi baya Alah nawuri,
2 aja susah ati,    umangena putran neku.
3 3. Bruna mara samiya wus kajodi,pranata sadaya,
4 gung jagat Arina ing mangke,    mareng ibun nira Gandarini,
5 lan Sutejawati,    ing Bruna mara alungguh.
6 **PUPUH PANGKUR.**
7 1. Prasama egar ring indriya,    amiyarsa wakiyane Nabi Ilir,
8 tuan Menak ngrangkul umatur,    singgih ta Sangyang Suksema,
9 yan mangkana,    amba aminta pukulun,
10 lunga mareng Bruna mara,    katemu lan Gandarini.
11 2. Muang ratu siyu nagara,    lintang kangen awelas amba teki,
12 Yang Ilir alon amuwus,    lunga ta putu emas,
13 Repatmaja,    Kuresin lan Jayengsatru,
14 umanjing jroning kakasang,    pinondong den gurit wesi.
15 3. Mambur tumurun angandap,    ing Osnedur ika tuju karihin,
16 saksana mangke wus rawuh,    Rahaden Umarmaya,
40b 17 dan katemu,    sakuweh ratu Arab iku,
18 sigra Raden Umarmaya,    amukak kekasang neki.
19 4. Metu Rahaden Suwongsa,    lan tuan Menak katri lan Kuresin,
20 kagiat ikang ratu siyu,    nangis pada sadaya,
21 luwir sundari,    gumuruh pada angrengkul,
22 mareng sukune tuan Menak,    asalam aganti-ganti.
23 5. Tuan Menak suka ing driya,    nulis nutur polahe pinali,
24 tambah kangen ratu siyu,    angembeng-ngembeng waspa,
25 pada nganga,    momot prasama angrungu,
26 tuan Menak malih anabda,    lah ya kakang Guritwesi.
27 6. Lah adan pada lumampah,    mareng Bruna mara lan ratu sami,
28 praratu ingarah sampun,    sadaya lunga lumampaha,
29 oneng mangke,    ing Bruna mara inuwus,
30 Gandarini Sutejawatiya,    katrine lawan tuan mantri.
31 7. Tatkalan nira alinggiha,    ing bale mas agunita lan siwi,
32 kancit prapta rakrian demung,    angatur aken uninga,
41a 1 duh pangeran,    ajin dika mangke rawuh,
2 lawan ta raka paduka,    iniring ratu arabi.
3 8. Mangke ta kari ring awan,    lintang tusta Jagataruna miarsi,
4 Suteja Gandarini iku,    luwir senekar ikang tuwas,
5 sigra mayas,    yun mapag sanga ulun,
6 sarwa sutra mulia ngranyab,    abapang emas angrawit.
7 **PUPUH SINOM.**
8 1. Luwir pendah Yang Ratih kembar,ngayang-ngayang awrnaneki,
9 iniring sakewh pawongan,    pasoler luwir widiya dari,
10 makadi patraneki,    akanten asta lumaku,
11 dateng ing pangastriyan,    giyor ikang tanda mantri,
12 lumiringa,    Rahaden G Jagatarina.

41a 13 2. Bau tumingal Rahadiyan, maring wetan jejel prapti,
14 watek ratu siyu nagara, awarna banderan neki,
15 caneg sira tuan mantri, maka miwah mantri demung,
16 makadi putri karo, ngembeng-ngembeng waspaneki,
41b 17 menget sira, ing mararate tuan Menak.
18 3. Dangu pan sampun pinejah, denira sang Antabumi,
19 tambah kangene sang Ratna, mategeg karo akingking,
20 warnanen Jayeng pati, meh maparek ing manguntur,
21 sang putri karo mendak, dadiya ta apapas liring,
22 tuwi gumebiyar, pada abungah kang manah.
23 4. Sang putri karo ngrengkula, anembah-nembah ngabakti,
24 ingapit tuan Jayengrana, Jagatarina makadi,
25 anuntun kakang neki, Kuresin Suwongsa iku,
26 trus umanjinging pura, praratu siyu nagari,
27 lintang suka, aruyan mareng paseban.
28 5. Sapraptan ira ring pura, ing korsi samiya malinggih,
29 Gandari alon angucap, duh putra nyawa Kuresin,
30 ampunen ibu kalih, sarwi nangis ngukut-ukut,
31 olih aperang lan sira, sang putra sira ngabakti,
32 singgih biang, apan titah ing Yang Suksema.
42a 1 6. Kaula ampura biyang, sampun sira walang ati,
2 Ni Gandari semu merang, ring Raden Banjaran sari,
3 menget solahe jurit, deno senggih Jayengsatru,
4 weruh Raden Suwongsa, age ta sira ngabakti,
5 kawuwusan, polahe Raden Marmaya.
6 7. Amoga darwineng laba, ingiyuk sakwehing Aji,
7 ramiya pada asuka-sukan, warnanen mangke wus latri,
8 ikang ratu Arabi, obek ing pangastriyan kumpul,
9 ing kana masanggrahan, ucapen maring jro puri,
10 Repatmaja, lawan Jagatarina.
11. 8. Anidra mareng gedong mas, Kuresin seje enggon neki,
12 nuju mareng bale danta, kalangkung suka kang ati,
13 luwir gendah maring swargi, skori mas bra murub,
14 sira tuan Jayengrana, alungguh ing bale manik,
42b 15 putri karo, lintang denya kasmaran.
16 PUPUH SEMARAN DANA.
17 1. Sira ta sang Jayengpati, sayan luluting kasmaran,
18 tumon sang putri karo, warnane luwir wulan kembar,
19 kasundaraning damar, lum-lum gading ngawe linglung,
20 gumuyu luwir madu drawa.
21 2. Sayan lengleng Baginda Amir, karone ingaras-aras,
22 sang putri guyu sukano, rujeng-gumujeng anidra,
23 ingapit Jayengrana, tuan Menak suka kalangkung,
24 anulia wus apulang smara.
25 3. Ri wuwus irasa rasmin, sakatrine samiya medal,
26 adiyus mareng biji reko, risampun sira asiran,
27 dadiya sami ngamer iyas, anganten asta lumaku,
28 ingapit tuan Jayengrana.

42b PUPUH KUMAMBANG.

1. Neher pada umanjingeng jinem mrik,Gandari Suteja,
anutur polahe nguni, duk kalaran aneng wana.
2. Jayengrana kangen denya miarsi,ngembeng-ngembeng waspa,
43a binalkularine kalih, lintang kapitresnan mirah.
3. Sakatrine anutug sukaning ati,nora bisa nidra,
meh metu Yang Prabangkari, sigra maungu tuan Menak.
4. Gandarini tan pisah Sutejawati,katrine tuan Menak,
luwir kumbang angisep sari, Jayengrana mahyun kodal.
5. Ni Gandari Suteja karo angiring,Kuresin Suwongsa,
Jagatarina makadi, inangkil maring paseban.
6. Samiya sika agunem lan ratu sami,ratu siyu nagara,
abungah rasaning budi, makadi Raden Marmaya.
7. Amencangah panguretaking anangkil,jog Yang Ilir prapta,
kagiyat sira Jayengpati, sadaya ngaturken sembah.
8. Nabi Ilir ngandika ring Jayengpati,eh putu tuan Menak,
becik umantuka mangkin, lintang sunia aneng Mekah.
9. Buyut mami Kuresin mantuka ugi,sira mareng Ngajrak,
43b yan sira norana mulih, tan urung rundah tang jagat.
10. Buyut mami Jagatarina kon mami,ing kene jenenga,
kalawan ibun nireki, marentah Baruna mara.
11. Mulia aib Yang Ilir nora kaaksi,Gandari Suteja,
nangis ngrengkul Jayengpati, paran temahe kaula.
12. Tininggal mantuk mareng Puserbumi,anangis tuan Menak,
duh aringku sang luwir Ratih, sampun mangkana mas mirah.
13. Enjang Enjing malih kakang angrangsuli,tuwi ingaras-aras,
sang putri bekut anangis, acum luwir pendah Yang wulan.
14. Jayengrana luwir kinetus manah neki,nora kakang lama,
sabentar kakang wangsuli, sang putri karo anembah.

PUPUH PANGKUR.

1. Suwongsa lawan wong menak, samiya bubar,
ratu siyu angiring, Umarmaya mareng ayun,
nuju ing bumi Mekah, meh wus prapta,
Kuresin ikang winuwus, amit mareng Gandarinya,
Jagatarina makadi.
44a 2. Sampun ta alikum salam, nuia mambur,
iniring sakwehikang jim, Sralin Adas Atil tumut,
anuju mareng Ajerak, siang dalu,
tan pegat paiber neku, meh prapta mareng NGajrak,
wuwusen sor pratiwi.
3. Sira sang Yang anteboga, lintang kangen,
den nira kasor jurit, menget mareng putran neku,
pan lamiya tan panggiha, krasan nira,
sang Anteboga anuju, ing Bruna mara nagara,
nawi kapanggih kang siwi.
4. Rahaden Jagatarina, sumewaka,
ebek ratu kang nangkil, mantri ulu balang demung,
makadi ibun ira, nora pisah,
ajajar ing siwan neku, abusana sarwa emas,
ing soca winten rinukmi.

44a 5. Luwir pendah Yang Yang ning sarat, muang pawongan,
44b paseler ayu warni, ing wingkinge Raden Bagus,
ngawa kepet lalancang, emper sorga,
tatkala Yang Indra dangu, ingayap dening Gamdarwa,
Widyadara-Widyadari.
6. Makadi mantri sadaya, pada muji,
maring sira tuan Mantri, wicaksana darma nulus,
penter tan kurang akal, dano pama,
mareng wadwa cilik agung, sabrandina akasukan,
antiyan rayaning nagari.
7. Akewh praratu nyawita, pada muji,
mareng jagat Arini, tuwi ratu abala ratu,
lintang kerta kang buwana, agung cili,
pada amuji rahayu, winurukeng sastra tama,
sembahyang mareng masigit.
8. Nora kurang sandang pangan, gemuh landuh,
tetep prentah kang bumi, agunem iking praratu,
samiya pada kasukan, eneng mangke,
wuwusen sang Sarpa lembu, adresing lumampah,
45a prapta ing kota nagari.
9. Munggah aneng candi bentar, tuwi angandap,
sakeh ikang anangkil, pan katon Pandita rawuh,
Gandari kagiat mulat, lintang suka,
tumurun angrangkul suku, sarwi sira umatura,
ngabakti ing ramaneki.
10. Sutejawati anembah, singgih ra daweg,
munggah sira alinggih, Jagatarina amuwus,
siapa ta ibu biyang, dene sembah,
pranata ingaken lungguh, Ni Gandari nangis mojar,
Yang kakiyang dewa sang Aji.
11. Atanding wiroseng rana, moga amba,
tan keneng tulah Widi, anangis tuan Mantri bekut,
kangen asing tumingal, luwir Yang Smara,
praratu nangis andulu, pada ngembeng waspa,
45b Antaboga muwus aris.
12. Luwir kinetus nyanan ira, sarwi niki,
rinangkul putun neki, eling temen putun ingsun,
pekik pratameng yoga, sampuranen,
ugi putun ingsun, eyang uga katambuhan,
narmane atanding jurit.
13. Apan takdir Yang Suksema, duh putu mas,
kakiyang ampunen ugi, wong nangkil momot angrungu,
mangke sang Antaboga, tambah-tambah,
tresnan ira mareng putu, nrabas tirtan ikang tingal,
tan pegat amituturin.

45b 14. Putu mas Jagatarina,
sira nyenong narpati,
raharjaning jagat,
maka ulun ikang ratu,
apdiling dibawah langit.
15. Ingsun mangke umantuka,
ira lan ibunneki,
nembah mrih Antaboga,
Antabumi nulia mantuk,
norana malih ginupit.

moga rahmat,
katrine lan ibuncku,
mon traguna,
saluhur ikang buana,
bagus-bagus,
sakatrine suka ngrungu,
lintang tusta,
dadya ta abis carita,

*****ooooo00000ooooo*****